



NYC Housing Recovery
212-615-8329
housing@recovery.nyc.gov
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvoulè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

F2

FÒMILÈ POU REVELE KONFLI DENTERÈ

Adrès Kay lan

Vil, Eta, Kòd Postal

La lwa federal, Eta epi lokal entèdi anplwaye, ajan epi ofisyèl piblik Vil New York lan patisipe onon Vil lan nan nenpòt tranzaksyon kote yo genyen yon enterè finansye. Yon “konfli denterè” se yon sityasyon kote konsiderasyon finansye oubyen pèsònèl kapab gen move efè, oubyen parèt kòm si yo gen move efè, sou jijman yon moun lè li gen pou l swiv règ pwogram lan.

Se pou chak moun kap fè yon demand pou pwogram NYC Build it Back lan ranpli epi remèt keystone sa a. Keystone sa a gen pou objè pou detèmine si kapab genyen yon konfli denterè. Enfòmasyon sa a pral ede detèmine si restriksyon yo, siveyans lan oubyen lòt kondisyon kapab nesèsè anvan ou resevwa asistans anba pwogram lan.

Silvoulè make ti kare an pou chak keystone epi ranpli atachman an tou si sa nesèsè. Se pou ou ranpli fòmilè sa a (avèk Atachman an, lè sa nesèsè) epi remèt li bay Spesyalist Rekipasyon Lojman ou an.

Yon “**Anplwaye ki Kouvri**” se yon moun ki aktyèlman se yon **anplwaye, ajan, konsiltan oubyen ofisyèl** nan youn nan ajans New York City sa yo, oubyen ki se yon **ofisyèl eli oubyen nonmen** epi ki gen kontwòl sou youn oubyen plizyè nan sa yo:

- *Biwo Majistra NYC an*
- *Biwo Operasyon Rekipasyon nan Lojman Majistra NYC an (HRO) oubyen pwogram “Build it Back” lan*
- *Biwo Manadjment ak Bidjè NYC an (OMB)*
- *Depatman Pwoteksyon Anviwonman NYC an (DEP)*
- *Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC an (HPD)*

1. Eske ou se yon **Anplwaye ki Kouvri**?

- Wi (Si ou reponn WI, silvoulè ranpli atachman an)
 Non

2. Eske oumenm, oubyen yon moun ki se pwopriyete oubyen ki gen enterè finansye (sa gen ladan l moun ki lokatè) nan kay lan ki dekri pi wo an, genyen yon fanmi pwòch (mari/madanm, konpay/konpayon, pitit, pitit mari/madanm ou, manman/papa, mari/madanm papa/manman ou, frè/sè, ets.) ki se yon **Anplwaye ki Kouvri**?

- Wi (Si ou reponn WI, silvoulè ranpli atachman an)
 Non

3. Eske oumenm, oubyen nenpòt moun ki se pwopriyete oubyen ki gen enterè finansye (sa gen ladan l moun ki lokatè) nan kay ki dekri pi wo an, genyen relasyon oubyen rapò biznis ak yon **Anplwaye ki Kouvri**?

- Wi (Si ou reponn WI, silvoulè ranpli atachman an)
 Non

Mwen li epi mwen byen konprann Fòmilè Konfli Denterè an. Mwen revele tout enfòmasyon, si genyen, ki obligatwa nan divilgasyon sa a nan deklarasyon ki akonpaye fòmilè sa a. Mwen dakò pou mwen respekte nenpòt kondisyon oubyen restriksyon Vil New York lan enpoze pou redwi oubyen elimine tout konfli denterè reyèl oubyen potansyèl. Mwen pral mete a jou divilgasyon sa a touswit si sikonstans ki gen rapò avèk sa yo chanje. Mwen byen konprann divilgasyon sa a se pa yon dokiman konfidansyèl ki egzije sekre.

Si Vil New York lan oubyen Depatman Lojman ak Devlopman Iben Lezetazini an (“HUD”) vin detèmine gen yon konfli denterè, sa kapab fè patisipasyon ou sispann nan pwogram Build it Back lan epi ou kapab oblije remèt nenpòt epi tout finansman ou resevwa epi/oubyen valè ki koresponn avèk sèvis ou resevwa nan kad pwogram lan.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Non Demandan an lèt detache

Siyati Demandan an

Dat

#

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvoulè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

ATACHMAN POU DIVILGE KONFLI DENTERÈ

Si ou te reponn WI nan nenpòt kesyon ki sou paj presedan an, silvoulè ranpli seksyon pi ba an/yo ki apwopriye.

Si ou te reponn NON nan TOUT kesyon yo, ou gen dwa jete papye atachman sa a. Si ou ranpli fòmilè sa a, remèt li bay Spesyalist Rekouvremant Lojman ou an (*Housing Recovery Specialist*) ou an.

1^{ye} Pati – O Sijè de Anplwaye ki Kouvri an (Se Demandan an ki gen pou ranpli pati sa a)	
Demand demandan an pou asistans nan pwogram Build it Back lan sijè a lwa sou konfli denterè yo paske li genyen yon relasyon avèk Anplwaye ki Kouvri ki make pi ba an epi ki genyen asosyasyon avèk Vil lan:	
Non Anplwaye ki Kouvri an:	
Relasyon Demandan an avèk Anplwaye ki Kouvri an:	<input type="checkbox"/> Se limenm <input type="checkbox"/> Yon fanmi pwòch Demandan an (sa kapab madanm/mari, konpay/konpayon, pitit, manman/papa, oubyen frè/sè) <input type="checkbox"/> Asosye avèk yon òganizasyon ki anplwaye oubyen ki prèt pou anplwaye Demandan an <input type="checkbox"/> Genyen yon enterè finansye oubyen yon lòt kalite enterè nan oubyen avèk Demandan an <input type="checkbox"/> Lòt:
Relasyon Anplwaye ki Kouvri an avèk Biwo Majistra an, HRO, OMB, DEP epi/oubyen HPD:	<input type="checkbox"/> Anplwaye oubyen ofisye <input type="checkbox"/> Ajan <input type="checkbox"/> Konsiltan <input type="checkbox"/> Kontraktyèl <input type="checkbox"/> Ofisyèl eli oubyen nonmen <input type="checkbox"/> Lòt:
Dekri pòst travay epi/oubyen wòl Anplwaye ki Kouvri an	
Eske Anplwaye ki Kouvri an egzèse, oubyen eske Anplwaye ki Kouvri an te egzèse nenpòt fonksyon oubyen responsablite ki gen rapò avèk pwogram NYC Build it Back lan, oubyen eske Anplwaye ki Kouvri an nan yon sityasyon kote li patisipe nan yon pwosesis dezisyon oubyen jwenn enfòmasyon privilejye ki gen rapò avèk aktivite yo ki anba pwogram NYC Build it Back lan?	
<input type="checkbox"/> NON – si repons lan se NON, KANPE LA epi remèt papye fòmilè sa a bay Pwogram lan. <i>Selon diskresyon pa li, Pwogram lan kapab mande pou Anplwaye ki Kouvri yo remèt yon sètifika ki deklare pa gen konfli nan 2^{ye}m Pati an.</i>	
<input type="checkbox"/> WI – si repons lan se WI, genyen yon konfli ki entèdi. <i>Si Vil lan detèmine sa posib pou chèche yon egzansyon ki dechaje konfli an, Vil lan pral ranpli “3^{ye}m Pati – Demand pou Egzanpsyon” an.</i>	

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

2^{yèm} Pati -- Sètifikasyon ki deklare PA GEN Konfli Denterè (se Anplwaye ki Kouvri an ki ranpli sa)	
Avi: Si avèk tout volonte l epi tout konesans yon moun fè yon deklarasyon ki fo oubyen fè fwod ak deklarasyon li bay Vil New York lan, sa kapab fè yo refize ba l asistans, aplike sanksyon sivil kont li, epi/oubyen dosye li kapab transmèt bay otorite lapolis.	
"Nan papye sa a, mwen deklare anba sanksyon la lwa, mwen pa yon moun menm jan yo dekri nan 24 CFR § 570.611(c) ki egzèse, oubyen ki te egzèse, nenpòt responsablite nan sa ki gen rapò avèk aktivite ki resevwa asistans avèk lajan pwogram lan. Mwen pa, ni mwen pat, nan yon pozisyon pou mwen patisipe nan pwosesis desizyon sou aktivite pwogram lan." Mwen pa resevwa enfòmasyon o sijè de aktivite pwogram lan.	
Siyati Anplwaye ki Kouvri an:	Dat:
Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.	
SA SE POU UTILIZASYON PÈSONÈL AFÈ JIDISYÈ NAN OPERASYON REKIPERASYON NAN LOJMAN AN:	
Selon sa Vil New York lan sètifye, enfòmasyon sa yo vre epi korèkt epi kondisyon pwogram asistans bay Demandan an pa tap fè yon konfli denterè nan 24 CFR § 570.611(c).	
Siyati Otorize Reprezantan Vil New York lan:	Dat:
Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.	

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

#

3^{yem} Pati – Demand pou Eksepsyon nan Konfli Denterè	
<p>Tout eksepsyon moun mande dwe vini avèk sètetid sou divilgasyon piblik epi opinyon avoka, menm jan 24 CFR §§570.611(d) (1) (i) avèk (iii) egzije sa. Pwogram lan pral etidye demand pou eksepsyon yo avèk konsiderasyon dosye pa dosye, an konfòmite avèk 24 CFR §§570.611 (d)(1) avèk (2). Demandan an PAP RESEVWA asistans jis tan pwogram lan ba li yon otorizasyon final ki fèt alekri.</p>	
<p>1. Bay yon eksplikasyon detaye pou di kisa nati konfli an ye: Dekri li:</p>	
<p>2. Eske Demandan an se yon manm yon gwoup oubyen yon klas Moun ki nan kouch revni fèb oubyen modere ki, selon entansyon pwogram lan, dwe benefisye de aktivite asiste an?</p> <p><input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi – Dekri:</p> <p>Si repons lan se Wi, eske eksepsyon an pral pèmèt Demandan an resevwa menm kalite benefis ki disponib pou lòt manm gwoup oubyen klas lan?</p> <p><input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi – Dekri:</p>	
<p>3. Eske Anplwaye ki Kouvri an rekize tèt li oubyen retire kò li nan nenpòt fonksyon, responsabilite epi/oubyen obligasyon priz desizyon nan kad aktivite ki asiste an?</p> <p><input type="checkbox"/> No n <input type="checkbox"/> Wi – Dekri:</p>	
<p>4. Eske asistans ki nan pwogram lan te disponib anvan Anplwaye ki Kouvri an te vin sijè anba konfli posib lan?</p> <p><input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi – Dekri:</p>	
<p>5. Eske refi pou akòde asistans pwogram lan kapab vin lakoz twòp difikilte an konparezon avèk enterè piblik sa ta sèvi si li evite konfli an?</p> <p><input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi – Dekri:</p>	
<p>6. Founi lòt enfòmasyon ki pètinan:</p>	
<p><input type="checkbox"/> 7. Atache nenpòt prèv ki montre divilgasyon konfli an, ki dwe gen ladan l <i>piblikasyon yon avi nan jounal lokal lan epi, lè sa kapab fèt, sou sit entènèt pwogram lan</i>. Piblikasyon an dwe jwenn tout rezidan nan jiridiksyon Vil New York lan epi li kapab bezwen parèt plizyè fwa.</p>	
<p><input type="checkbox"/> 8. Atache yon deklarasyon ekri ki soti nan Depatman Jiridik Vil New York lan (New York City Law Department) ki konfime pa gen vyolasyon okèn lwa Eta an oubyen lwa lokal si genyen yon eksepsyon ki fèt nan egzijans konfli denterè yo.</p>	
<p>Avi: Si avèk tout volonte l epi tout konesans yon moun fè yon deklarasyon ki fo oubyen fè fwod ak deklarasyon li bay Vil New York lan, sa kapab fè yo refize ba l asistans, aplike sanksyon sivil kont li, epi/oubyen dosye li kapab transmèt bay otorite lapolis.</p>	
<p>Selon sètifikasyon Vil New York lan pa dokiman sa a, enfòmasyon ki nan dokiman sa a vre epi korèk, epi li mande pou yon ekspesyon fèt nan règilasyon konfli denterè ki aplikab yo pou bay yon asistans anba pwogram Build it Back bay Demandan an ki gen non li nan referans ki fèt pi wo an.</p>	
<p>Siyati Otorize yon Repezantan Vil New York lan:</p>	<p>Dat:</p>

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Rev. 3
Okt. 2013
Ranpli a la Men